

# Terapi Rapid pou Patnè (Expedited Partner Therapy, EPT)

## Yon Gid pou Patnè yo

### Poukisa m ap resevwa medikaman sa a?

- Y ap trete patnè ou pou klamidya. **Klamidya** se yon enfeksyon moun pran nan fè bagay (sexually transmitted infection, STI) ou ka pran nan fè tibèf, nan fè bagay nan bouboun, oswa nan fè bagay nan twou dèyè.
- Yon pwofesyonèl medikal te bay patnè ou medikaman pou trete ou pou klamidya. Ou ka gen klamidya menm san okenn sentòm. Si ou pa gen klamidya, medikaman sa a p ap fè anyen. Medikaman sa a se pou ou pa devlope pwoblèm sante grav oswa bay lòt moun enfeksyon an. Sa a rele **Terapi Rapid pou Patnè (Expedited Partner Therapy, EPT)**.
- **EPT** se yon fason fasil, vit, ak prive pou trete ou. Medikaman an san danje epi li travay byen lè ou itilize li byen.

### Poukisa mwen ta dwe pran medikaman sa a?

- Si yo pa trete li, klamidya ka lakòz gwo pwoblèm sante.

#### Pwoblèm sante grav ki ka rive:

- **Maladi Enflamatwa nan Basen (Pelvic Inflammatory Disease, PID)**. PID ka lakòz doulè ak afekte ògàn repwodiksyon yo.
- **Gwosès ektopik** (yon gwosès nan ligati twonp yo)
- **Enfètilite** (pa ka fè timoun).

### Kisa medikaman sa a ye?

- Medikaman ki trete klamidya se **Azithromycin (Zithromax)** ak **Doxycycline**. Sa yo se **antibiyotik** (medikaman ki ede batay kont enfeksyon).
- Medikaman sa a pral retire klamidya a sou ou, men li **p ap trete lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay**.
- Ou pa ta dwe pran medikaman sa a si ou fè alèji ak **doxycycline** oswa **azitromycin**.

## Kijan mwen ta dwe pran medikaman sa a?

- Pran tout grenn ou yo jan yo di w la. Li enpòtan pou w fini tout grenn ou yo.
- Ou ka pran medikaman sa a ak yon vant plen (ak manje) oswa yon vant vid (omwen 1 èdtan avan ou manje oswa 2 èdtan apre ou fin manje).
- **Si ou vomi inèdtan apre ou pran medikaman an, li p ap mache epi ou pral bezwen pran plis.** Rele nimewo telefòn ki anba a pou planifye yon vizit nan yon klinik CHN.

**Si ou panse ou ka gen yon lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay, ale nan yon klinik CHN pou w fè tè.**

## Apre m fin pran medikaman sa a, ki sa mwen dwe fè?

- Pa fè sèks (nan bouboun, nan bouch, oswa twou dèyè) pou 7 jou apre ou menm ak tout patnè ou yo te trete. Li pran yon semèn konplè pou medikaman an travay.
- Se yon bon lide pou fè tè pou enfeksyon moun pran nan fè bagay yo **chak 3 a 6 mwa.**

## Èske genyen nenpòt efè segondè?

- Pa jeneralman, men ka gen efè segondè.

**Si ou gen nenpòt nan efè segondè grav yo apre ou fin pran medikaman sa a, rele 911 oswa ale nan sal dijans touswit.**

Efè segondè ki rive souvan:	Efè segondè serye yo ra, men yo ka rive:
<ul style="list-style-type: none"><li>• Dyare</li><li>• Kèplen</li><li>• Vant fè mal</li><li>• Maltèt</li><li>• Vomi</li></ul>	<p>Gen kèk moun ki gen reyaksyon alèjik ak medikaman an. Reyaksyon sa yo kapab lakòz:</p> <ul style="list-style-type: none"><li>• Difililte pou respire</li><li>• Presyon nan pwatrin</li><li>• Santi gòj fèmen</li><li>• Anfle nan bouch oswa nan lang</li><li>• Itikè (ti bouton k ap grate sou po)</li></ul>

**Pale avèk founisè CHN ou oswa edikatè sante si ou gen plis kesyon!**